

**Officer:**

I do not wish to speak with you, answer your questions, or sign or hand you any documents based on my 5th Amendment rights under the United States Constitution.

I do not give you permission to enter my home based on my 4th Amendment rights under the United States Constitution unless you have a warrant to enter, signed by a judge or magistrate with my name on it that you slide under the door. I do not give you permission to search any of my belongings based on my 4th Amendment rights.

I choose to exercise my constitutional rights.

*These cards are available to citizens and noncitizens.*

## REPORT A RAID

**DEFANN TÈT OU.** Kontakte yon kominote òganizasyon lokal pou w diskite sou ki fason ou ka goumen kont lwa ki ap depòte ou epi konsa ou ka jwenn èd legal.

**RELE** United We dream sou liy dirèk 1-844-363-1423 epi di yo sa ki pase.

VIZITE WÈBSIT [www.njimmigrantjustice.org](http://www.njimmigrantjustice.org) pou repòte yon desant ak jwenn yon òganizasyon pou dwa imigran.



## KISA POU W FÈ PANDAN YON KWA-ZMAN AK IMIGRASYON

### SI ICE VINI LAKAY OU

**PA OUVÈ PÒT LA.** ICE pa ka antre lakay ou san manda pou fouye.

**MANDE POU OU WÈ MANDA A ANBA PÒT LA.** Si Ajan yo di yo genyen manda mande yo pou glise li anba pòt la. Pinga louvri pòt la.

**RREVIZE MANDA A.** Konfime non ak adrès ki sou manda a pou fè sèten ke li valid ak non ou oubyen non yon moun ki ap viv nan adrès la. Pandan yon desant lakay ou, Ajan yo souvan di yo gen manda jidisyè alòske se manda ICE sèlman yo genyen.

**DOKIMANTE SA KI PASE.** Mande Ajan ICE yo non yo ak nimero badj yo. Ekri epi pram foto tout sa ki pase.

## SI ICE APROCHE OU NAN LARI OUBYEN PLAS

### PIBLIK

**MANDE: " Eske mwen lib pou mwen ale?" Epi rete AN SILANS.** ICE pa ka detni ou san rezon. Anvan ou bay non ou oubyen nenpòt enfòmasyon, mande èske ou lib pou ou ale. Si yo di "wi" kite lokal la. Si yo di "non" di yo ou pa vle reponn okenn kesyon epi ou vle pale ak yon avoka.

### **PA BAY OTORIZASYON POU FOUYE.**

Si ICE eseye fouye ou oubyen propriyete ou, di " mwen pa konsanti ak fouy sa a."

**PA KOURI.** Si ou kouri, sa ka bay ICE rezon legal pou yo arete ou.

## SONJE

**PREPARE** tèt ou ak fanmi w nan ka yo ta arete ou. kenbe nan tèt ou nimerò telefòn fanmi ou ak avoka ou. Fè plan pou emèjensi si ou genyen timoun oubyen pwoblèm medikal. Kite kopi dokiman enpòtan nan men yon moun ou fè konfyans.

**RETE AN SILANS.** Pa reponn okenn kesyon, ni bay ICE okenn enfòmasyon.

**PA REZISTE ARESTASYON.** Menm si ICE ta kenbe ou nan detansyon malman, pa reziste arestasyon.

**PA NI BAY MANTI NI MONTRE MOVE DOKIMAN.** Si ou se yon sitwayen Ameriken oubyen ou nan sitiasyon legal, montre prèv. Si ou pa genyen dokiman legal, di ICE ou vle rete an silans. Evite montre dokiman ki soti nan peyi ou.

**MANDE POU OU PALE AK YON AVOKA.** Pa siyen, e pinga pran okenn desizyon san ou pa pale ak yon avoka.

**PA SIYEN.** Ajan ICE ka di ou ou ap bezwen siyen kèk dokiman. Pa siyen okenn dokiman avan ou konsilte avoka ou.

## SI ICE APROCHE OU

**PA REPONN OKENN SESYON AJAN YO POZE OU SI ESEYE**

**PALE AVÈK OU.** Ou gen dwa pou rete an silans. Ou gen dwa pou ou pale avèk yon avoka.

**PA OUVÈ PÒT** si yon Ajan devan pòt ou. Si ajan an di li gen manda, mande li pou li pase li anba pòt la epi verifye si yon jij siyen li.

**KOUPE KAT AS A EPI REMÈT SAN AN LI. PA OUVRI PÒT LA.** Ou gen dwa konstitosyonèl.

